Timoun (0-17) ________
Granmoun ________
Pi gran (60 e plis) ________

pennsylvania
DEPARTMENT OF AGRICULTURE

# Biwo Èd Alimantè

## Pwogram Èd Alimantè Ann Ijans (TEFAP)

**“Deklarasyon Pèsonèl Pou Èd"**

An vigè apati 1ye Jiyè 2024 pou rive 30 Jen 2025

Non Benefisyè a

Siyati Reprezantan Ajans lan    Dat

Ri

Non Sit Distribisyon an    Nimewo

Vil    Eta    Kòd postal

Lokal Sit Distribisyon an

Yo jere Pwogram Èd Alimantè ann Ijans lan selon politik Ministè Agrikilti Etazini an (USDA), ki entèdi tout diskriminasyon rasyal, koulè, sèks, laj oswa andikap. Kalifikasyon an baze sou prensip sou revni ki parèt anba a. Benefisyè a ap antoure tout liy ki koresponn ak kantite moun ki lakay li, li konnen li dwe sitiye nan nivo, oswa pi ba nivo revni ki afiche a pou l kapab kalifye pou jwenn avantaj nan pwogram nan.

| Revni Total Fwaye a (baze sou 185% nan to povrete a) | | | |
|---|---|---|---|
| **Kantite moun ki nan Fwaye a Antoure youn** | **Chak ane** | **Chak mwa** | **Chak semèn** |
| 1 | $ 27,861 | $ 2,322 | $ 536 |
| 2 | $ 37,814 | $ 3,151 | $ 728 |
| 3 | $ 47,767 | $ 3,981 | $ 919 |
| 4 | $ 57,720 | $ 4,810 | $ 1,110 |
| 5 | $ 67,673 | $ 5,640 | $ 1,302 |
| 6 | $ 77,626 | $ 6,469 | $ 1,493 |
| 7 | $ 87,579 | $ 7,299 | $ 1,685 |
| 8 | $ 97,532 | $ 8,128 | $ 1,876 |
| *Pou chak manm anplis nan fanmi an ki ajoute:* | $ 9,953 | $ 830 | $ 192 |

Mwen konprann limit revni fwaye yo epi pa mwayen dokiman sa a, mwen sètifye kantite moun ki nan fwaye m ak revni m fè m kalifye pou m patisipe nan pwogram nan. Mwen sètifye tou, jiska jodi a, fwaye m ap viv nan zòn Pennsilvani desèvi nan kad Pwogram pou Èd Alimantè ann ijans la.  Fòmilè sètifikasyon sa a ranpli nan objektif pou jwenn yon Èd federal.

**MWEN KONNE SI M FÈ YON FO DEKLARASYON SA KA GEN KÒM KONSEKANS POU M PEYE LAJAN KI KORESPONN AK KANTITE NOURITI YO TE BAN MWEN YON FASON KI PA APWOPRIYE, EPI SA KA FÈ YO POUSWUIV MWEN LAJISTIS SELON LWA FEDERAL YO AK LWA LETA YO.**

**Siyati Benefisyè**    **Dat**

Voye fomilè a tou ranpli nan ajans ou te chwazi nan rejyon an. Si w pa fin asire w se bon ajans lan,

tanpri rele biwo a nan 1-800-468-2433.

**YO PA DWE NI MODIFYE OSWA CHANJE FÒMILÈ SA A POU KÈLKESWA REZON AN.**

TANPRI ALE NAN DO DOKIMAN SA A POU YON DEKLARASYON ENPÒTAN SOU NONDISKRIMINASYON USDA

## Deklarasyon Nondiskriminasyon USDA

Ann amoni ak lalwa Federal sou dwa sivil yo ansanm ak regleman ak politik nan domèn dwa sivil yo nan Ministè pou Agrikilti nan Etazini (USDA), li entèdi pou USDA, ajans li yo, biwo ak anplwaye, ansanm ak enstitisyon ki patisipe oswa k ap jere pwogram USDA a pou yo pratike diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa pou fè presyon pou yon aktivite ki te rive nan domèn dwa sivil nan tout pwogram oswa aktivite USDA ap dirije oswa finanse.

Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp: an bray, an gwo karaktè, sou bann odyo, nan Lang Siy Ameriken, elatriye), yo dwe kontakte ajans lan (nasyonal oswa lokal) kote yo te depoze demann pou sibvansyon yo. Moun ki soud, moun ki pa tande byen oswa moun ki gen difikilte pou pale ka kontakte USDA pa mwayen Sèvis relè Federal la nan (800) 877-8339. Mete sou sa, yo ka fè pwogram enfòmasyon an disponib nan lòt lang olye Anglè.

Pou depoze yon plent sou diskriminasyon nan kad yon pwogram, ranpli fòmilè sou plent pou diskriminasyon nan pwogram USDA yo, disponib an liy nan adrès sa a: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan tout biwo USDA yo oswa voye yon lèt bay USDA epi mete nan lèt la tout enfòmasyon yo te mande nan fòmilè a. Pou mande yon egzanplè fòmilè pou plent, rele nan (866) 632-9992. Voye fòmilè w la oswa lèt ou a byen ranpli bay USDA pa mwayen:

(1) kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;

(2) faks: (202)690-7442; oswa

(3) imel: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay sèvis san paspouki.

**Pwogram pou Èd Alimantè ann Ijans**

**Fòmilè pou Manda TEFAP nan Pennsylvani**

Dat ______________________

Mwen______________________________ Otorize pa mwayen dokiman sa a __________________________________ pou pran Koli AlimantèTEFAP la epi pote l pou mwen.

______________________________
Siyati Kliyan an

☐

______________________________
Siyati Mandatè a

☐ Verifikasyon ID Mandatè

______________________________
Reprezantan Sèvis la